

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung deskripsi data anu geus dipedar dina bab IV, aya tilu hal nu dipaluruh dina ieu panalungtikan ngawengku wujud, wanda jeung fungsi kedaling pragmatik dina novel *Béntang Pasantréñ* karya Usép Romli H.M.

Patali jeung wujud kedaling pragmatikna, dina novel *Béntang Pasantréñ* karya Usép Romli H.M. kapaluruh aya 381 data omongan nu dipasing-pasing kalawan opat wincikan, ngawengku 1) wujud wawaran (*déklaratif*), 2) pananya (*intérogatif*), 3) paréntah (*imperatif*), jeung 4) panyeluk (*aklamatif*). Unggal wujud kedaling miboga rupa-rupa ma'na saperti wujud kedaling wawaran (*déklaratif*) nu ngawengku wawaran iber, wawaran nitah, wawaran ngajak, wawaran ménta, wawaran ngabagéakeun, wawaran nyarék, jeung wawaran ngantebkeun. Ari wujud kedaling pananya (*intérogatif*) nya éta ngawengku pananya kaayaan, pananya waktu, pananya ngantebkeun, pananya tempat, pananya rasa, pananya kalakuan, pananya sabab, pananya cara, pananya asal, pananya golongan, pananya jarak, jeung pananya babandingan. Rupa-rupa ma'na tina wujud paréntah (*imperatif*) ngawengku paréntah pangjurung, paréntah panitah, paréntah paménta, paréntah pamaksa, paréntah pangharepan, paréntah panyarek, paréntah pangajak, paréntah pangbagéa, paréntah anjuran, paréntah panggentra, paréntah pangwawadi, jeung paréntah panganteb. Nu pamungkas dina wujud kedaling pragmatik nyaéta panyeluk (*aklamatif*) nu miboga rupa-rupa ma'na nyaéta panyeluk kukulutus, panyeluk pangwilujeng, panyeluk panghaturan, panyeluk kakagét, panyeluk kanyeri, panyeluk kakeuheul, jeung panyeluk katengtrem. Dumasar kana wujudna data nu panglobana téh ngandung wujud wawaran 'iber'.

Salian tina wujud kedaling pragmatikna, dina ieu panalungtikan ogé nganalisis data omongan dumasar kana wanda kedaling pragmatikna. Wanda kedaling pragmatik nu kapanggih dina novel *Béntang Pasantréñ* ngawengku 1) aspék kedaling sosialisasi, 2) aspék sikap inteléktual, 3) aspék émosi, 4) aspék informasi faktual, 5) aspék moral, jeung 6) aspék ngungkuluan masalah. Dumasar

kana hasil panalungtikan data omongan nu panglobana kapanggih dina novel *Béntang Pasantréñ* karya Usép Romli H.M. téh ngandung wanda aspék kedaling informasi faktual nu jumlah data omonganana nyaéta 189 data omongan, sedengkeun nu pangsaeutikna data omongan nu ngandung wanda aspék kedaling sikap inteléktual kalwan jumlah data omonganna nyaéta 8 data omongan.

Pamungkas, dina ieu panalungtikan nganalisis data omongan dumasar kana fungsi kedaling pragmatikna. Fungsi kedaling pragmatik nu kapaluruh dina novel *Béntang Pasantréñ* karya Usép Romli H.M. ngawengku 1) fungsi kedaling komisif, 2) fungsi kedaling impositif, 3) fungsi kedaling eksprésif, jeung 4) fungsi kedaling asértif. Dumasar kana fungsina, data omongan dina novel *Béntang Pasantréñ* téh lolobana ngandung fungsi komisif nu jumlah data omonganna nyaéta 253 data omongan.

5.2 Implikasi

Tina ieu panalungtikan ngahasilkeun data ngeunaan wujud, wanda jeung fungsi kedaling pragmatik dina novél *Béntang Pasantréñ* karya Usép Romli H.M. nu satulunya bisa dimangpaatkeun pikeun sumber rujukan di paguron luhur, bisa dikomparasikeun jeung panalungtikan-panalungtikan satulunya atawa ogé bisa dijadikeun bahan ajar basa Sunda di sakola-sakola.

5.3 Saran

Saran nu baris ditepikeun saréngséna ieu panalungtikan nyaéta lantaran masih kurangna panalungtikan-panalungtikan nu medar ngeunaan aspék kedaling pragmatik nu ngabalukarkeun kurangna eusi dina ieu panalungtikan. Ku kituan, perlu diayakeun deui panalungtikan-panalungtikan satulunya nu bisa dikomparasikeun jeung panalungtikan-panalungtikan saméméhna nu bisa nimbulkeun tinimuan-tinimuan anyar.